КЕРЛАНАШ

Бесланера йахархочунна 10 шаре гергга хан кхачайо Украинехь тІом бинчу цуьнан хІусамдас арз дина

Лахьан-бутт 13, 2026



Гайтаман сурт

Къилбаседа ХІирийчохь бехктакхаман гІуллакх долийна меттигерчу йахархочунна Кадиева Мадинина дуьхьал, цуьнан хиллачу цІийндас, Украинана дуьхьал бинчу тІеман ветерано шайга бинчу хаамна тІе а тевжина. Шаьш дІасакъаьстинчул тІаьхьа полицица зІене а ваьлла, шен хилла зуда бехке йина цо, ша эцначу петар чохь бакъо а йоцуш Іаш йу иза аьлла. Оцу хьолах лаьцна йаздо "Нана йоцу Кавказ" бакъоларйаран проекто.

Кадиеван кхо шо кхаьчна кІант ву. 2021-чу шарахь маре а йахана, йуьхьанца шен маьрйишина тІейазйина, цул тІаьхьа шен кІентан долайаькхина хилла петар

тойеш гIо а динера цо.

ХIусамдех дIакъаьсташ кехаташ чу делира Бесланера йахархочо 2025-чу шеран гIуран-баттахь. Дийцарехь, доьзалехь шена ницкъбар ца лайна. Цул тIаьхьа хиллачу цIийндас полици дIахьедина хилла цунах лаьцна.

Кадиевана дуьхьал бехкзуламан гIуллакх долийна, курхалла лелор аьллачу артиклехула, оцу петар чохь йаха бакъо дIа а йоккхуш. Оцу тIехула набахтехь даккха 10 шо хан кхачайо. Бакъонашларйархойн хаамашца, хиллачу хIусамдас ишта тIедожийна цунна, хьалхо ша цунна совгIатна йеллачу машенах делла ши миллион сом йухадалар а.

Кадиевас бахарехь, гIалин талламан декъан хьаькамо дIахьедина цуьнга, нагахь санна, петар шена ца оьшу аьлла, цо куьйг йаздахь, цунна дахка бехкаш хир дац аьлла.

"ГIалгIайчохь а, Нохчийчохь а лелаш хIума ду бер схьадаккха кхерамаш а туьйсуш, ненера бахам къовсар. Амма ХIирийчохь иштаниг хилар тамашен ду. Турпалхочо кхерамаш туьйсу нанна, цуьнгара бер а схьадоккхур ду, боллу бахам а къовсур бу, иза чу а йоллуьйтур йу, кIант ненах а воккхур ву бохуш. Мадина кхоьруш йу. Карарчу хенахь зуда ша цхьаъ йисина, диканиг адвокат лаца а таро йоцуш",- дIахьедина бакъонашларйархоша.

- ГIалгIайчохь гIадужу-баттахь Экажево эвларчу 37 шо долчу вахархочо тапча а йаьккхина, кхерамаш тийсинера шен хIусамнанна. Оцу хенахь чохь хиллера кхо бер а. Полици цига схьакхаьчча, царна дуьхьал герз диттинера цо.
- Гезгамашин-баттахь Нохчийчуьра вахархочо йиттира шен хиллачу хIусамнанна аннекси йинчу Севастополехь, дIахьедира бакъоларйаран "Нана йоцу Кавказ" проекто. Кадыров Рамзане орца дийхира гIело лайначу зудчо.
- Оьрсийчохь къаьсттина дукха меттигаш нислов Къилбаседа Кавказехь доьзалехь ницкъбина. Оцу спецификех лаьцна йаздира тхан редакцино.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю